# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु दुइ दिन के दौरा पर गोरखपुर पहुंचलें। उहां के ब्रह्मलीन महंत दिग्विजयनाथ क पचपनवां अउर महंत अवेद्यनाथ क दसवां पुण्यतिथि के मौका पर गोरखनाथ मंदिर में सप्त दिवसीय पुण्यतिथि समारोह में हिस्सा लिहलीं। येह मौका पर उहां के भागवत कथा क सुभारम्भ कइलीं अउर कहलीं कि कथा कई गो प्रसंग के सथहीं पुरान परम्परा से हम्मन के जोड़े ला। उहां के गोरखनाथ मंदिर से निकारल गइल सोभाजतरा क अगुआई कइलीं। एहसे पहिले मुख्यमंत्री दीन दयाल उपाध्याय गोरखपुर विश्वविद्यालय में नाथ पंथ पर आयोजित भइल अन्तर्राष्ट्रीय कांफ्रेंस के संबोधित कइलें। उहां के विश्वविद्यालय क सिक्षिका डॉक्टर पद्मजा सिंह क किताबि नाथपंथ क इतिहास क लोकारपणो कइलीं।

**********

प्रदेस सरकार अट्ठाइस आईएएस अधिकारियन क तबादिला कइ दिहले हवे जबकि एगो अउरियो आईएएस अधिकारी अउर प्रमुख सचिव कृषि रविन्द्र के वर्तमान जिम्मेदारी के साथे–साथे निदेसक राज्य कृषि उत्पादन मंडी परिषद क अतिरिक्त परभार दीहल गइल हौ। पूरबी उत्तर प्रदेसो में येह तबादिला से कई गो जिलन में खास बदलाव भइल हौ। कुशीनगर जिला क जिलाधिकारी उमेश मिश्र के मुजफ्फरनगर क जिलाधिकारी बनावल गइल हौ। आजमगढ़ क जिलाधिकारी विशाल भारद्वाज अब कुशीनगर क नया जिलाधिकारी होइहें। प्रयागराज क जिलाधिकारी नवनीत सिंह चहल के आजमगढ़ क नया जिलाधिकारी बनावल गइल हौ। जौनपुर क जिलाधिकारी रविंद्र कुमार मंदर के प्रयागराज क जिलाधिकारी बनावल गइल हौ। चीनी उद्योग अउर ग्राम विकास विभाग क बिसेस सचिव डॉक्टर दिनेश चन्द्र अब जौनपुर क नया जिलाधिकारी होइहें अउर उनकर जिम्मेदारी फतेहपुर क जिलाधिकारी सी इन्दुमति के सउंपल गइल हौ। बलरामपुर क मुख्य विकास अधिकारी संजीव कुमार मौर्य के नगर आयुक्त बरेली बनावल गइल हौ जबकि उन्नाव क संयुक्त मजिस्ट्रेट हिमांशु गुप्ता के बलरामपुर क मुख्य विकास अधिकारी पद क जिम्मेदारी सउंपल गइल हौ।

**********

माध्यमिक शिक्षा परिषद सत्र दुइ हजार चउबीस–पचीस के दसवां अउर बरहवां कक्षा के छात्रन बदे परीक्षा सुल्क अउर ऑनलाइन आवेदन कइले क आखिरी तारीख में संसोधन कइले हवे। परिषद क सचिव भगवती सिंह बतवलें कि लेट फीसि के सथहीं परीक्षा सुल्क जमा कइले क आखिरी तारीख बीस सितमबर दुइ हजार चउबीस हो गइल हौ। पचीस सितम्बर के राति बारह बजे ले ऑनलाइन सैक्षिक विवरण अपलोड कइल जा सके ला।

**********

केंद्र सरकार गोहूं क दाम बढ़वले अउर जमाखोरी के रोके बदे ब्योपारियन, थोक बिक्रेता, बड़हन श्रृंखला के फुटकर बिक्रेता अउर प्रसंस्करण करे वालन बदे भण्डारण क सीमा संसोधित कइले हवे।

केन्द्रीय उपभोक्ता मामिला, खाद्य अउर सार्वजनिक वितरण मंत्रालय के हिसाबि से ब्योपारियन अउर थोक विक्रेता लोगिन बदे संसोधित गोहूं भण्डारण क सीमा अब दुइ हजार मीट्रिक टन होई। ई सीमा पहिले तीनि हजार मीट्रिक टन रहल। व्यक्तिगत फुटकर बिक्रेता लोगिन बदे भण्डारण सीमा में कउनों बदलाव नाहीं कइल गइल हौ।

मंत्रालय कहले हवे कि गोहूं भण्डारण से जुड़ल सज्जो कम्पनी के गोहूं भंडारण सीमा पोर्टल पर पंजीकरण करावे के होई। सथहीं, हर सुक्क के स्टॉक क स्थिति अपडेट करे के होई।

**********

मौसम विभाग अगिला अड़तालीस घंटा के भित्तर प्रदेस में बरखा भइले क सम्भावना जतवले हवे। पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर अउर बस्ती मण्डल आ एकरे लग्गे के इलाकन में हल्लुकाहे बरखा भइले क अनुमान हौ। मौसम वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश बतवलें कि बनारस अउर प्रयागराज के सथहीं पूरबी उत्तर प्रदेस अउर एहसे सटल कुछु अउरियो जिलन में बिहने के बाद मध्यम से तेज बरखा भइले क सम्भावना हौ। येह बिच्चे, आजु प्रदेस के कई गो जिला में दिन क मौसम साफ रहल, हलांकि बरखा भइले के अनेसा के देखत कई गो जिलन में स्कूल बन्द रक्खल गइल। पछिला कई दिन से हो रहल बरखा के नाते प्रदेस के कई गो जिला में जनधन क हानियो भइल हौ।

**********

आजु पूरा देस हिन्दी दिवस मना रहल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, गृहमंत्री अमित शाह, रक्षामंत्री राजनाथ सिंह अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ हिन्दी दिवस क सुभकामना दिहले हवें। नई दिल्ली में आजु येह मौका पर राजभाषा हीरक जयंती समारोह अउर चउथा अखिल भारतीय राजभाषा सम्मेलन क आयोजन कइल गइल। उद्घाटन सत्र के सम्बोधित करत गृह मंत्री अमित शाह कहलें कि सज्जो भासा के मजबूत कइलही से एगो ससक्त राष्ट्र क निरमाण होला। राष्ट्रीय सिक्षा नीति में येह बाति पर खास जोर दीहल गइल हौ कि लइकन के उनके मातृभाषा में सिक्षा मिले। येह मौका पर लखनऊ अउर अमरोहा के सथहीं प्रदेस के कई गो जिला में आयोजन कइल जा रहल हौ।

**********